



Pou Piblikasyon Imedya: 20/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLATIF POU BAY SIPÒ AK RESOUS POU
PWOTEJE VIKTIM TRAFIK IMEN YO**

Lejislasyon (S.7360/A.9821) egzije ke yo dwe enkli yon pwogram ki gen rapò ak trafik imen nan sansibilizasyon fòmasyon kont alkòl la

Lejislasyon (S.244B/A.887C) egzije ke anplwaye etablisman lojman yo dwe pran fòmasyon pou rekonèt viktim trafik imen yo

Lejislasyon (S.8711A/A.9883A) egzije Otorite Thruway la pou afiche pano ak kat enfòmasyon konsènan sèvis pou viktim trafik imen yo nan twalèt piblik yo

Lejislasyon (S.8678/A.9814) egzije pou estasyon kamyon yo afiche pano ak kat enfòmasyon konsènan sèvis pou moun ki viktim trafik imen yo nan twalèt piblik yo

Lejislasyon (S.8710/A.9406) egzije ayewopò yo afiche pano ak kat enfòmasyon konsènan sèvis pou moun ki viktim trafik imen yo nan twalèt piblik yo

Lejislasyon (S.8262/A.9169) egzije ayewopò Otorite Pòtyè yo afiche pano ak kat enfòmasyon konsènan sèvis pou moun ki viktim trafik imen yo nan twalèt piblik yo

Lejislasyon (S.8573/A.9410) egzije Tèminal Otorite Pòtyè yo afiche pano ak kat enfòmasyon konsènan sèvis pou moun ki viktim trafik imen yo nan twalèt piblik yo

Lejislasyon (S.3374B/A.7818B) egzije etablisman k ap sèvi bwason ki gen alkòl yo montre pano konsènan ofans trafik imen ak liy dirèk pou asistans

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a uit pòsyon lejislasyon pou bay sipò ak resous pou viktim trafik imen yo. Nouvo lwa sa yo pral asire kote tankou ayewopò, tèminal otobis yo, otèl ak estasyon kamyon yo bay enfòmasyon ak evidans sou trafik imen. Sa a pral enfòme anplwaye yo ak vizitè yo sou enfòmasyon enpòtan sou pratik terib trafik imen an, epitou li pral bay viktim yo fason diskre pou yo aprann dwa yo ak resous ki disponib yo.

"Nou dwe fè tout sa nou kapab pou mete fen nan flewo trafik imen an epi pwoteje plizyè milye moun ki viktim pratik degoutan sa a nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòkè yo ta dwe konnen siy trafik imen yo epi yo dwe pare pou bay yon kout men pou defann viktim yo. Mwen fyè pou m siyen pake lejislatif sa a, ki gen ladan l kanpay ki pral pwopaje sansibilizasyon epi ede fè yon diferans enpòtan nan plizyè milye lavi moun."

Fòmasyon sou Rekonesans Trafik Imen

Lejislasyon (S.7360/A.9821) pral mande pou tout Pwogram Sansibiizasyon pou Fòmasyon sou Alkòl ki sètifye pa Otorite Likè Eta New York la pou enkli yon eleman fòmasyon sou trafik imen. Sa pral ogmante konsyantizasyon ak konpreyansyon sou siy trafik imen pou pèmèt yo idantifye siy avètisman ak viktim yo pou yo ka reponn lè sa nesèsè.

Senatè Eta a, James Skoufis te deklare, "Lejislatè yo pa ta dwe rete kanpe pandan ke New York toujou klase katriyèm nan nasyon an pou dominans nan trafik imen. Lejislasyon nou an pou ekipe baman yo pou yo repere ak sispann eksplwatasyon iniman sa a pral pwoteje yon gran kantite viktim trafik imen Mwen remèsye Gouvènè a paske li siyen pwojè lwa sa a ansanm ak lòt mezi pwoteksyon ki nan pake a."

Manm Asanble Kimberly Jean-Pierre te deklare, "Asire ke anplwaye Ba yo ak restoran yo byen fòme pou ede viktim trafik imen yo trè enpòtan. Trafik imen se yon trajedi sosyal ak kominotè ki mete an danje sante piblik ak alimante vyolans ak krim. Pwojè lwa sa a pral ede sansibilize sou pwoblèm lan, ede manm pèsonèl sa yo pi byen konprann siy yo, epi anseye yo pwosedi apwopriye pou rapòte yo. Mwen kontan wè Gouvènè Hochul te siyen pwojè lwa sa a an lwa epi mwen espere kontinye batay kont trafik imen."

Lejislasyon sa a (S.244B/A.887C) etabli yon egzijans pou chak obèj, otèl, motèl, tribinal otomobil pou mete fòmasyon sou rekonesans viktim trafik imen pou chak anplwaye ki gen anpil chans rankontre ak envite yo. Yo pral bay chak anplwaye fòmasyon sa a nan premye 60 jou travay yo. Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) la, ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) pral bay oswa apwouve pwogram fòmasyon an.

Senatè Eta a Shelley Mayer, te deklare, "Viktim trafik imen yo, ki gen ladan timoun yo, yo nan mitan nou nan kominote iben, banlye, ak kominote rural yo atravè Eta New York. Travayè otèl ak motèl yo ka jwe yon wòl enpòtan nan repere ak sispann li si yo gen bon fòmasyon, se poutèt sa mwen te fyè pou m patwone S.244B. Mèsi a Manm Asanble Amy Paulin pou patenarya li nan efò sa a ak Gouvènè Kathy Hochul paske li te siyen mezi enpòtan sa a nan lalwa."

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Chak jou, trafikè sèks yo fòse fanm ak tifi yo vann tèt yo bay gason ki gen revni disponib. Mwen fyè dèske mwen te otè lejislasyon pou konbat endistri trafik sèks ilegal la ki mande piblisite sèvis sipò enpòtan pou viktim

yo nan sant transpò prensipal yo, ansanm ak fòmasyon pou travayè otèl yo pou yo ka repere ak rapòte trafik. Trafik sèks souvan fèt nan je klè men yo pa idantifye, epi li depann de lojman ak transpò yo opere. Lè yo rive jwenn viktim nan entèseksyon sa yo kote yo ka idantifye yo epi konekte yo ak sèvis yo, nou ka ofri yo yon kout men pou sekirite ak libète. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa sa yo an lwa ak angajman li pou mete fen nan trafik sèks."

Sansibilizasyon pou Sèvis Trafik Imen

Lejislasyon (S.8711A/A.9883A) pral mande pou tout twalèt Otorite Thruway yo afiche enfòmasyon sou sèvis pou viktim trafik yo, ansanm ak nimewo liy dirèk nasyonal pou trafik imen an. Sa pral pèmèt zòn sèvis yo gen plis vizibilite sou resous ki disponib yo pou viktim yo pou ede yo chape anba sityasyon yo. Yo itilize veyikil a motè nan plis pase 80% operasyon trafik yo, anpil ladan yo ka kanpe nan 27 zòn sèvis ke Thruway Eta New York opere.

Senatè Eta a, Cordell Cleare, te deklare, "Antanke Prezidan Komite Permanent Sena a sou Pwoblèm Fanm yo, elimine Trafik Imen se pi gwo priyorite mwen. Mwen felisite Gouvènè a paske li siyen pwojè lwa mwen an, S.8711-A, ki mande pou yo montre enfòmasyon pwo-aktif nan tout Zòn Sèvis Otorite Thruway la. Ane sa a, mwen te prezante 14 pwojè lwa sou Trafik Imen, 5 ladan yo te pase nan Sena a; Mwen pral kontinye fè presyon sou pwoblèm sa a alavni jiskaske pratik tèrib sa efase sou tè a epi kominote nou yo kòmanse geri."

Lejislasyon (S.8678/A.9814) egzije pou tout estasyon kamyon yo afiche enfòmasyon sou sèvis pou viktim trafik yo, ansanm ak nimewo liy dirèk nasyonal trafik imen an, nan twalèt oa yo. Sa pral bay viktim yo plis konsyatizasyon sou resous ki disponib yo pou ede yo chape anba sityasyon yo.

Senatè Eta, Samra G. Brouk, te deklare, "Trafikè imen yo itilize enfrastrikti transpò nou an pou yo komèt krim ki pa admisib nan gwo lajounen epi pandan mwa ete yo ogmante vwayaj nan tout eta a, li enpòtan anpil pou nou sèvi ak tout opòtinite nou genyen pou nou entèvni epi kòmanse repare lavi yo. Mwen remèsye Gouvènè a ak Manm Asanble Paulin pou kolaborasyon pa yo sou lejislasyon sa a pou bay enfòmasyon pou sove lavi viktim trafik yo nan estasyon kamyon yo ak nan ayewopò yo—sa k ap fè New York vin yon kote ki pi an sekirite pou fanmi nou yo, espesyalman pou fanm ak timoun yo."

Lejislasyon (S.8710/A.9406) mande pou tout sèvis komèsyal ak ayewopò jeneral avyasyon yo pou afiche enfòmasyon sou sèvis pou viktim trafik yo, ansanm ak nimewo liy dirèk nasyonal pou trafik imen an Liy ayeryèn yo se yon sant komen pou trafik imen alafwa nasyonalman ak entènasyonalman. Lè yo bay enfòmasyon ki nesèsè yo nan yon kote vizib, potansyèl viktim trafik imen yo pral konnen resous ki disponib pou ede yo chape anba sityasyon pa yo.

Lejislasyon (S.8262/A.9169) pral mande pou tout twalèt ayewopò Otorite Pòtyè (Port Authority) yo afiche enfòmasyon sou sèvis pou viktim trafik yo, ansanm ak nimewo liy

dirèk nasyonal pou trafik imen an. Liy ayeryèn yo se yon sant komen pou trafik imen alafwa nasyonalman ak entènasyonalman. Lè yo bay enfòmasyon ki nesèsè yo nan yon kote vizib, potansyèl viktim trafik imen yo pral konnen resous ki disponib pou ede yo chape anba sitistasyon pa yo.

Senatè Eta a, Anna Kaplan, te deklare, "Okenn kominote pa iminize kont flewo trafik imen an, epi li enpòtan pou nou fè tout sa nou kapab pou bay viktim yo opòtinite pou yo chape anba ravisè yo epi pou yo siviv anba twomatiz yo te oblije yo sibi a. Montre liy dirèk nasyonal sou trafik imen an ak evidans nan plas kote viktim yo pral wè li se yon fason ki bon pou ede yon moun ki nan bezwen, epi li pral ede sansibilize sou pwoblèm lan pami manm piblik la ki ta kapab fè entèvansyon epi ede. Mwen fyè pou m fè patenarya ak Manm Asanble Amy Paulin sou lejislasyon ki pral mande pou afiche resous viktim yo nan ayewopò ak nan tèminal otobis yo, epi mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul nan siyen pwojè lwa yo nan lwa."

Lejislasyon (S.8573/A.9410) pral mande pou tout twalèt tèminal otobis Otorite Pòtyè yo afiche enfòmasyon sou sèvis pou viktim trafik yo, ansanm ak nimewo liy dirèk nasyonal pou trafik imen an. Akòz anonima ak komodite tèminal otobis yo, yo konnen yo se sant yo itilize pou trafik viktim yo. Lè yo montre enfòmasyon sou divès kalite sèvis pou viktim trafik yo ak evidans ansanm ak nimewo liy dirèk nasyonal trafik imen an, pral gen plis viktim ki pral konnen resous ke yo ka itilize pou sove anba ravisè yo.

Lejislasyon (S.3374B/A.7818B) pral mande pou etablisman ki vann bwason ki gen alkòl yo oswa etablisman amizman pou adilt yo montre avi yo sou enfraksyon trafik imen yo epi pou yo montre klèman liy dirèk Sant Resous Nasyonal pou Trafik Imen an ansanm ak liy Plent Gwoup Travay sou Trafik Imen ak Eksplwatasyon Travayè yo pou asistans. Anpil klib amizman ak ba yo se sit trafik imen ak travay fòse, epi ogmante sansibilizasyon sou liy dirèk sa yo pral ogmante konsyantizasyon sou krim lan ak siy avètisman li yo, epitou bay konsyantizasyon sou resous yo pou ede moun ki te tonbe viktim krim sa a.

Senatè Eta, Jamaal Bailey, te deklare, "Trafik imen se yon pwoblèm k ap grandi epi ki omniprezan ki afekte tout kominote nou yo. Pake lejislasyon sa a fonksyone pou konbat flewo trafik imen an, ankouraje resous pou viktim yo, ak avanse mezi prevansyon pou pwoteje kont ak kraze sik eksplwatasyon an. Pwojè lwa mwen an ta oblije ke nenpòt etablisman ki gen yon lisans likè ak tout lokal amizman pou granmoun yo afiche yon seri pano ak enfòmasyon kontak ki gen rapò ak liy dirèk trafik imen an. Viktim trafik yo fè fas ak obstak ekstraòdinè pou chèche èd. Egzije Siyalizasyon vizib nan etablisman sa yo kote viktim yo gen plis risk pral ede yo jwenn aksè ak asistans ki kapab sove lavi yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul dèske li te siyen pwojè lwa enpòtan sa a an lwa, manm Asanble a Catalina Cruz, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Carl E. Heastie, ak kòlèg mwen yo nan tou de chanm yo paske yo te pran mezi pou kenbe kominote nou yo an sekirite."

Manm Asanble Catalina Cruz te deklare, "Trafik imen, oswa esklavaj nan tan modèn, se yon flewo sou sosyete nou an ki dwe konbat sou plizyè aspè. Lejislasyon mwen an

sible sansibilizasyon piblik la lè li egzije enfòmasyon sou sèvis ki pou ede viktim yo pi vizib ak pi aksesib. Gen plis travay ki nesèsè pou mete fen nan laterè esklavaj nan tan modèn epi mwen pral kontinye efò mwen pou konbat li. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul paske li sipòte lwa sa a ak Senatè Jamaal Bailey pou lidèchip li sou pwoblèm sa a."

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418